



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 29 jen 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN NOUVO SITWÈB TOURIS “[I LOVE NY LGBT](#)”**

***Pwojè a ap respekte pwomès Gouvènè a pou devlope endistri touris la nan anpil nouvo fason.***

***Seksyon Plas LGBT reprezante \$70 milyon dola nan depans touris nan Etazini chak ane***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman yon nouvo sitwèb “[I Love NY LGBT](#)”, yon pòtay inik touris nan tout Eta New York gen pou ofri vwayajè LGBT to. Lansman sitwèb la vini apre pwomès Gouvènè a te fè pou ogmante touris ak djòb nan Eta New York, ansanm avèk lansman yon nouvo pwojè “I Love NY LGBT”. Seksyon touris ki nan plas LGBT reprezante apeprè \$70 milya dola nan depans touris nan Etazini chak ane.

Nouvo sitwèb la ap bay enfòmasyon ak sijesyon pou ede vwayajè LGBT yo planifye vakans yo nan New York. Kanpay la reprezante nan logo ikonik I LOVE NY avèk yon kè ki gen koulè lakansyèl.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nan efò n ap fè pou sipòte endistri touris la nan New York, mwa fyète sa a, n ap lanse sitwèb “I LOVE NY LGBT” pou montre tout sa a eta a gen pou ofri pou kominote LGBT. Eta New York gen anpil varyete destinasyon ‘moun dwe wè’ pou tout vwayajè ki gen enterè diferan – kit yo konnen diven byen, kit yo se amatè istwa oswa avantirye deyò. Sitwèb la pral yon zouti enpòtan pou ede atire vizitè yo, pou ankouraje depans nan kominote nou yo, epitou pou kreye djòb nan endistri a. New York gen yon istwa fyè pou akeyi kominote LGBT, epi kit w ap planifye yon vwayaj nan wikenn oswa yon maryaj nan otèl, mwen ankouraje nou tout pou vin jwi Eta New York.”

Mwa pase, Gouvènè Cuomo te envite anpil santèn espè nan domèn touris nan Albany pou diskite sou nouvo fason pou mennen touris nan chak kwen eta a. Nan fen Konferans lan, Gouvènè Cuomo te anonse lansman pi gwo kanpay touris nan anpil deseni, ki angaje prèske \$60 milyon dola pou devlope endistri New York, pou kreye djòb, epi pou atire menm plis vizitè nan New York. Maketing Eta New York pou kominote LGBT se te yon pati angajman gouvènè a pou sipòte kwasans endistri touris la pou kreye djòb epi pou pwodui revni.

Cristyne Nicholas, Prezidan Konsèy Konsiltatif Touris Eta New York ak Direktè Jeneral Nicholas & Lence Communications, yon antrepriz kominikasyon estratejik ki baze nan New York, di konsa, “Mache LGBT

Haitian Creole

gen gwo valè pou endistri touris la, poutèt sa nou rekòmande New York pou lansman pwojè touris plas dènye modèl sa a. Paske pifò nan mache LGBT a kapab fèt nan posiblite ki gratis oswa ki pa koute chè, rasyo depans/benefis sou pwojè sa a atiran sitou, pou pèmèt yon gwo sipò pou fè lajan.”

Nouvo sitwèb la prezante paj sijè ki konsène domèn tankou Boza ak Kilti, Istwa, Manje ak Bwason, Acha, Detant, Amizman Fanmi, Avanti Deyò ak Lavi Lannwit. Gen rezime sou vwayaj rejyonal, lis evènman ak resous LGBT lokal yo, ak yon gid maryaj ki bay zouti pou koup menm sèks pou yo planifye yon maryaj nan Eta New York.

Pi gwo pwojè touris I LOVE NY LGBT ap byen reprezante tou nan Parad Fyète Vil New York dimanch 30 jen sa a, avèk manifestan k ap tichòt kè I LOVE NY ki gen koulè lakansyèl. Pral gen kado pwomosyon ak yon kabin nan Festival PRIDE pou bay plis enfòmasyon sou kote pou vizit yo.

Ross Levi, Vis-Prezidan Marketing Initiatives for Empire State Development, ak ansyen Direktè Egzekitif òganizasyon pou dwa sivil LGBT eta a, di konsa, “Anpil moun LGBT, ki andedan ak deyò eta a, senpleman pa konnen New York gen yon mize I Love Lucy, plis pant pou eski pase Colorado, 250 antrepriz pwodiksyon divèn, espas kote mouvman pou dwa fanm yo te kòmanse, youn nan pi gwo sant kote pou fè acha nan lemonn, yon festival chak ane ki selebre Wizard of Oz, yon pak natirèl ki pi gwo pase Yellowstone ak Grand Canyon ansanm, kèk nan pi bon plaj Lamerik ak anpil lòt ankò. Anvan yo chwazi pwochen kote pou vwayaj yo, nou vle moun ki nan LGBT yo reflechi sou tout opòtinite vakans klas mondyal ki genyen pou yo isit la nan Eta New York.”

Pou jwenn plis enfòmasyon sou vwayaj LGBT, ale nan nouvo sitwèb Eta New York [iloveny.com/lgbt](http://iloveny.com/lgbt).

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418